O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A'JINIYAZ ATINDAG'I NO'KIS MA'MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

«PEDAGOGIKA» FAKULTETI

«PEDAGOGIKA HA'M PSIXOLOGIYA» KAFEDRASI

«Pedagogika ha'm psixologiya» ta'lim bag'dari

«JAS DA'WIRLERI HA'M PEDAGOGIKALIQ PSIXOLOGIYA» pa'ninen

# KURS JUMISI

## TEMA: Z.FREYDTIN' KLASSIK PSIXOANALIZINDE PSIXIKALIQ RAWAJLANIW MASHQALASI

| | |
|---|---|
| Tapsirg'an: | A.Konratbaeva |
| Qabillag'an: | E.Nurimbetova |

NO'KIS – 2016

# J O B A

## KIRISIW

## I-BAP. PSIXOLOGIYA PA`NINDE ZIGMUND FREYD TA`LIYMATI MA`NISI HA`M ONIN` A`HMIYETI

1.1. Shaxs teoriyasında psixodinamikalıq bag`dar

1.2. Zigmund Freyd turmısı ha`m xızmeti

1.3. Psixoanalizda insan obrazı

## II-BAP. HA'ZIRGI ZAMAN PSIXOLOGIYA PA'NINDE PSIXOANALIZ METODLARININ' QO'LLANILIWI

2.1. Psixoanalizde diagnostikalıq metodlar

2.2. Psixoanalitikalıq test metodları

2.3. Emlew ha`m ma`sla`ha`ttın` psixoanalitikalıq metodları

## JUWMAQLAW

## PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR



## KİRİSİW

G`a`rezsiz O`zbekstan Respublikasında qa`liplesip atırg`an milliy g`a`rezsizlik ideyası ma`mleket Konstitutsiyasında ta`n alıng`an insanıylıq, demokratiyalıq, huqıqıy ma`mleket ha`m ja`miyetti payda etiw, sonın` menen birge, sotsial-ekonomikalıq ha`mde ma`deniy rawajlanıwdın` joqarı basqıshlarına ko`teriw, ja`ha`n ha`mja`miyeti qatarınan mu`na`sip orın iyellewge bag`darlangan ezgu maqsetlerin a`melge asırıwg`a xızmet qıladı. Usı maqsetlerdin` jaqsı na`tiyjege iye bolıwı, en` aldı menen, jas a`wladqa ilimiy bilimler tiykarların puqta u`yreniw, olarda ken` du`n`yaqaras ha`mde oylaw ko`lemin payda qılıw, ruwxıylıq-a`dep-ikramlılıq sıpatların qa`liplestiriw barısındag`ı ta`lim-ta`rbiyalıq jumıslardı na`tiyjeli sho`lkemlestiriwge baylanıslı. Tiykarınan, jurttın` parlaq keleshegin jaratıw, onın` atın ja`ha`nge ken` jayıw, aldıng`ı a`wladlar ta`repinen jaratılg`an ilimiy-ma`deniy miyrastı ja`miyetke ko`rsetiw, olardı bayıtıw, o`zbetinshe Respublikamızdın` rawajlang`an ma`mleketler qatarınan jay iyellewin ta`miyinlew jas a`wladtı kamil insan ha`mde qa`niygeli qa`niyge qılıp tayarlawg`a baylanıslıdır.

Biz bilemiz, psixologiya tariyxı basqa pa`nler sıyaqlı qızıqarlı ha`m mazmundar bilimler tarawınan ibarat. Psixologiya tariyxı insaniyat ta`repinen haywanlarg`a ha`m insanlarg`a ta`n bolg`an psixikalıq turmıs qubılısları haqqındag`ı bilimlerin toplap ha`mde teren`lestirip barıw. Biz psixologiya tariyxı menen tanısar ekenmiz insan ha`m haywanlar psixikalıq turmısın u`yreniwge bolg`an umtılıw kisiler turmısın ha`r qıylı tariyxıy basqıshlarda olardın` qanday teoriya ha`m a`meliy ıqtıyajlar menen taqaza qılg`anlıg`ın, ba`zı nızamlıqları qanday ashılg`anlıg`ın bilip alamız.

Ma`limki, XIX ha`m XX a`sirdegi psixologiya ishinde bir qansha ilimiy bag`dar ha`m ag`ımlar bar edi. Psixologiya tariyxında bulardan a`nshe belgili ha`m za`ru`rlileri, bul - bixeviorizm, kognitivizm, geshtaltpsixologiya ha`m freydizm (psixoanaliz)dir.

**Freydizm (psixoanaliz)** - bul o`z atın avstriya nevropatologi ha`m psixologi **Zigmund Freyd** (1856-1939 jj.) atınan alg`an bolıp, psixologiya ha`m

psixiatriyadag`ı ayrıqsha bag`dar. **Z.Freyd psixoanalizdın`** tiykarshısı esaplanadı. **Psixoanaliz –** Freyd ta`repinen jaratılg`an rawajlanıw, dinamika ha`m o`zgerislerdin` shaxs qurılması haqqındag`ı teoriya. Psixoanalizde minezin basqarıwda biologiyalıq ha`m an`lanmaytug`ın faktorlarg`a u`lken itibar beriledi. Sonın` menen birge, insan minezi o`z tiykarına ko`re *irratsional* ha`m **Id** (U - sanasızlıq), **Ego** – (sana) ha`m **Super-Ego** (joqarı-Men, sotsial sana, ma`deniyat) tın` o`z-ara ha`reketi na`tiyjesinde ibarat dep tasdıqlanadı.

Ko`pshiliktin` pikirine ko`re, Freydtın` bul tarawdag`ı tabısları **Charlz Darvin ha`m Albert Eynshteyn** sıyaqlı ullı alımlar menen bir qatarda turadı. Sonday qılıp, **Freyd** ta`liymatına ko`re, shaxs psixologiyalıq turmısının` tiykarı – jınısıy (seksual) la`zzet alıwg`a qaratılg`an, tuwma sanasız meyil **(instinkt)dir.** Biraq tariyxan payda bolg`an a`det, a`dep-ikramlılıq, printsipler arqalı, sotsian «tsenzura» nın` barlıg`ı arqalı bul meyil tuwrıdan-tuwrı tosıladı. Sonın` ushın ha`m ba`zı kisilerde bul sanasız ta`biyg`ıy meyil menen an`lap turılg`an jag`day ortasında ishki ruhiy **konflikt** (toqnasıw) payda boladı. Bul toqnasıwlar ba`zı turaqlı nerv keselligine **(nevrozg`a**) alıp keledi.

**Kurs jumısının` predmeti** – Zigmund Freyd ta`liymatı ha`m psixoanaliz ilimiy mektebi.

**Kurs jumısının` ob`ekti** – ha`zirgi zaman psixologiya pa`ninde psixoanaliz metodların qollanıwı.

**Kurs jumısının` tiykarg`ı maqseti:** Zigmund Freyd teoriyasının` en` tiykarg`I qag`ıydaları ha`m zamanago`y psixoanalitikalıq ta`jiriybede onın` qarasları tiykarında islep shıg`ılıp, a`meliyatqa en`gizilip atırg`an usıllar menen tanıstırıw.

# 1–BAP: PSIXOLOGIYA PA`NINDE ZIGMUND FREYD TA`LIYMATI MA`NISI HA`M ONIN` A`HMIYETI

## 1.1. Shaxs teoriyasında psixodinamikalıq bag`dar

**Psixodinamikalıq teoriya** – an`lanmaytug`ın psixikalıq yaki emotsoinal motivlerdi insan minezinin` tiykarı dep aytatug`ın teoriya. XIX a`sirdin` ekinshi yarımında psixologiya filosofiyadan ajralıp shıg`ıp, o`zbetinshe pa`nge aylandı, onın` **tiykarg`ı maqseti** laboratoriya sharayatında **introspektsiya** (o`z-o`zin baqlaw ) usılı ja`rdeminde u`lken jastag`ı adam psixikalıq turmısının` tiykarg`ı elementlerin ashıwdan ibarat bolıp qaldı. Keyinshelik psixologiyada **strukturalıq mektep** dep at alg`an bull bag`darg`a 1879 jılı Leyptsigde birinshi psixologiyalıq laboratoriya sho`lkemlestirilgen **Vilgelm Vundt** tiykar salg`andı. Vundt psixologiyanın` tiykarg`ı wazıypası sıpatında sanalı protsessin bo`leklerge ajıratıw ha`m olar ortasındag`ı nızamshılıq baylanısların u`yreniwdi usınıs etti. Sonın` ushın venalik jas vrach **Zigmund Freyd** ta`repinen hech kimnin` ja`rdemisiz islep shıg`ılg`an adamlardıv u`yreniwdin` pu`tinley jan`a jandasıwı payda bolg`anda usı da`wirdin` psixologları ta`n halatqa tu`sip qaldı.

Adam psixikalıq turmısının` orayına sananı qoyıw ornına **Freyd** onı azg`antay bo`legi suwdın` to`besine shıg`ıp turg`an aysbergke uqsattı. Usı da`wirge shekem hu`kimranlıq qılıp kelgen adamg`a o`z minezin an`lay alatug`ın aqıllı maqluq sıpatında qaraslarg`a qarsı ra`wishte ol basqasha teoriyanı usınıs qıldı : adamlar ba`rqulla qarama-qarsılıq halatında boladı ha`m bull qarama-qarsılıqlardın` sebebi pu`tinley basqa, psixikalıq turmıstın` ja`nede ken`irek tarawı bolg`an – an`lanmaytug`ın jınısıy ha`m agressivlik meyiller.

**Freyd** birinshi bolıp psixikanı hech qashan o`z-ara kelise almaytug`ın instinkt, oylaw ha`m sana ku`shleri ortasındag`ı gu`res maydanı sıpatında ko`rsetti. **«Psixodinamikalıq»** ataması a`ne usı shaxstın` tu`rli bo`lekleri ortasındag`ı gu`reske qarata ayttı. Psixoanalitikalıq teoriya psixodinamikalıq jandasıwdın` ko`rinisi sıpatında xızmet qılıp, insan minezin basqarıwda basshılıq qılıw ushın o`z-ara konkurentsiya qıla alatug`ın yaki gu`resetug`ın instinktler, motivler

(xızmetke u`ndewshi sebepler) ha`m meyillerdin` quramalı o`z-ara ha`reketlerine tiykarg`ı itibarın qaratdı. Tiykarınan **Freyd** analizindegi, shaxs hech qashan toqtamaytug`ın, o`z-ara qarama-qarsılıqda bolatug`ın protsesslerdin` o`sip barıwshı quramalı qurılmasınan ibarat, degen oylawja psixodinamikalıq jandasıwdın` ma`nisi sa`wlelengen. Shaxsqa qarata qollanılatug`ın **dinamika** tu`sinigi insannın` minezi tosınnan yaki biybas bolmay, ba`lki, determinlasqan, yag`n`ıy sebepli baylanıslı bolg`an degen ma`nisti an`latadı. Psixodinamikalıq bag`darda determinizm biz orınlap atırg`an, sezia atırg`an yaki oylanıp atırg`an, qa`tte ayırım adamlar pu`tinley tosınan dep oylaytug`ın qubılıslarg`a ha`m, sonın` menen birge, bilmey so`ylep jiberip, bilmey qa`te jazıp qoyıw ha`m sog`an uqsas barlıq halatlarg`a ha`m birdey ta`n. Bul oylaw bizdi psixodinamikalıq bag`dar beretug`ın en` tiykarg`ı ha`m sheshiwshi temag`a alıp keledi, yag`nıy usı oylaw insan minezin basqarıwda sanasız psixikalıq protsesslerdin` a`hmiyeti aytadı. **Freydtın`** pikirinshe, tek qılıqlarımız ko`pshilik hallarda irratsional (logikalıq qag`ıydalarg`a qarsı) bolmay, bizin` minezimizdin` a`hmiyeti ha`m sebepleri ha`m ayrım hallarda an`lang`an boladı.

**Freyd** ta`liymatın ta`n almay turıp, zamanago`y shaxs teoriyaların ob`ektiv bahalap bolmaydı. Onın` ol yaki bul (yaki ha`mme) ideyaları ta`n alınıwqı yaki ta`n alınmaslıg`ınan qa`tiy na`zer, **Freyd**dın` XX a`sir Batıs tsivilizatsiyasına ko`rsetken teren` ha`m bekkem ta`sirin inka`r etip bolmaydı. Sonnı aytıw tiyis, insaniyattın` pu`tin tariyxı dawamında kemnen-kem ideyalar sonshelli ken` ha`m ku`shli ta`sirge iye bolg`an. Onın` insan ta`biyatına ta`n qarasları usı da`wirde hu`kimran bolg`an oylarg`a keskin hu`jim qıldı : **Freyd** insannın` qarang`ı, jasırın, demek an`lap bolmas dep esaplang`an psixikalıq turmısı qırların tu`siniwge erisiwinin` qyın, biraq tartıwgı jolın usınıs qıldı.

O`zinin` 45-jıllıq na`tiyjeli ilimiy xızmeti dawamında **Freyd:**

- Shaxstın` birinshi ken` ko`lemli teoriyasın;
- o`zinin` terapevtikalıq ta`jiriybesi ha`m o`zin-o`zi talıqlawg`a tiykarlang`an klinikalıq baqlawlardın` ken` ko`lemli dizimin;
- nevrotikalıq buzılıwlardı dawalawdın` o`zine ta`n usılın;

- basqa hesh qanday usıl menen u`yrenip bolmaytug`ın psixikalıq protsesslerdi en`giziw usılların jaratadı.

**Freyd**den keyin shaxs teoriyasının` psixodinamikalıq bag`darında bir-biri menen onshelli baylanıslı bolmag`an teoriyalar payda bolıp, olardın` avtorlaprı ya Freydsha jandasıwın ken`eytiriwge, yaki onı qayta ko`rip shıg`ıwg`a ha`reket qıldı. **Freyd** onın` qarasların maqullaytug`ın ko`pshilik intellektualların o`zine tartqan ha`m ruxlantırg`an edi. Olardın` ayrımları psixoanalizge teoriyalıq dizim sıpatında sadıq qalıwı, og`an sonshelli islew berip, zamanago`ylikke jaqınlastırdı. Basqalardı pu`tinley o`zgeshe bag`dardan ketiwdi, o`zlerinin` shaxsiy, ko`pshilik antagonistikalıq pozitsiyalarına iye boldı.

Olardan ekewi — en` belgili teoritikler **Alfred Adler** ha`m **Karl Gustav Yung** Freyd menen baylanıslardı uzıp, o`zlerinin` noyob shaxsiy teoriyalıq dizimlerin jarattı. Olardın` ha`r ekewi ha`m en` aldı menen psixoanalitikalıq ha`reket qatnasıwshıları sıpatında Freyd teoriyasının` ko`lemi ha`m jan`alıg`ın qızg`ın qollap-quwatlag`an. Biraq, waqıt o`tiwi menen olar Freydtin` sekmuallıq ha`m agressiyag`a insan turmısının` oraylıq mazmunı sıpatında ha`dden tıs u`lken a`hmiyet berip atırg`anlıg`ı menen kelispewshiliklerdi bildirdi. Freyd menen psixoanalizdin` basqa teoritikleri ortasında ha`m ko`pshilik pikirlerde kelispewshilikler bar edi ha`m olar ha`m o`z-ara qarama-qarsılıqlı mektepler jaratıwdı dawam etti. Biraq, **Adler ha`m Yungdı** esapqa almag`anda, olardın` birewi ha`m insan minezinin` tiykarg`ı qırların qamtıp alıw ko`lemi ta`repinen Freyd menen bellese alatug`ın tamamlang`an g`a`rezsiz teoriya jarata almadılar.

**Adler** qarasları diziminin` oraylıq tochkasın **individuum** (shaxs)tın` **sotsium** (ja`miyet) den ajıralmaslıg`ı teoriyası quraydı. Sotsial-kognitivlik bag`dar wa`killeri sıyaqlı ajralmaslıg`ı ideyası quraydı. Sotsial-kognitivlik bag`dar wa`killeri sıyaqlı Adler shaxstın` sotsial determinantlarına ayrıqsha itibar beredi. Venalik psixiatr Adler ta`repinen za`ru`r dep esaplang`an jan`a basqa temalar adamlardın` :

- o`z ta`qdirlerin o`zleri jaratıwları;

- ja`nede qanıqarlıraq turmıs keshiriw ushın haywanlıq meyillerdi ha`m qadag`alap bolmaytug`ın ortalıqtı saplastırıwları;
- o`zin-o`zi an`law arqalı o`zlerin ha`m a`tirap a`lemdi rawajlantırıwları sıyaqlı qa`biletlerinde ja`mlengen.

Adler sıyaqlı **Yung** ha`m Freydtı instinktivlik seksual meyillerge ha`dden tıs u`lken a`hmiyet bergenligi ushın kritikalag`an. **Yung** ta`repinen ko`terilgen tema adamlarg`a usı waqıtta ha`m olardın` keleshekke umtılıwları, ha`m turmıs ta`jiriybeleri ta`sir ko`rsetedi, degen ideyanı o`zinde sa`wlelendiredi. **Yung** shaxs teoriyashıları arasında birinshi bolıp shaxstın` psixikalıq salamatlıg`ın erisiw ushın onın` tu`rli bag`dardag`ı umtılıwları o`z-ara birliktegi bir pu`tinlikde ja`mleniwi kerek degen pikirdi isbat qıldı. Bull ideya **Yung** teoriyasında «shaxsiy asıw» ataması menen ataladı.

## 1.2. Zigmund Freyd turmısı ha`m xızmeti

**Zigmund Freyd** 1856 jıldın` 6-mayında Avstriyanın` Frayberg (ha`zirgi Chexiyanın` Moraviya) qalasında tuwılg`an. Ol shan`arakta jeti perzenttin` en` u`lkeni bolıp, Freyd 4 jasqa tolg`anda onın` shan`arag`ı materiallıq qıyınshılıqlar sebepli Venag`a ko`ship o`tken. **Freyd** o`mirinin` aqırına shekem Venada jasadı ha`m 1938 jılda, o`liminen bir jıl aldın Angliyag`a ko`ship o`tti.

Usı da`wirdin` barlıq jasları sıyaqlı **Freyd** klassikalıq mag`lıwmat aldı : yunan ha`m latın tilin u`yrendi, ullı klassik shayırlar, dramaturgler ha`m filosoflar – Shekspir, Kant, Gegel, Shopengauer ha`m Nitsshe shıg`armaların u`yrendi. 1873 jılda Vena universitetinin` meditsina fakul`tetine oqıwg`a kirdi. Oqıw protsessinde ullı psixolog **Ernst Bryukke** qarasları ta`sirine berildi. Bryukke aytıwı boyınsha, barlıq tirik maqluq dinamikalıq energetikalıq dizim bolıp, materiallıq a`lem nızamlarına boysınadı. **Freyd** bul ideyalardı keskin qabıl qıldı ha`m keyinshelik F**reydtın`** psixikalıq barlıq dinamikası barasındag`ı qaraslarında sa`wlelendi.

1881 jılı **Freyd** universitettı tamamlap, Miy anatomiyası institutında isley basladı ha`mde u`lken jastag`ı adam ha`m hamila miyesinin` qıyalıy izertlewleri menen shug`ıllandı. Aradan ko`p o`tpey ol o`z jumısın taslap, nevropatolog

sıpatında xızmet ko`rsetedi basladı, bug`an ilimiy xızmettin` onshellik sıylıqlanmaslıg`ı ha`m antisemit keypiyat bag`anasınan ko`teriliwine mu`mkinshilik bermesligi sebep boldı.

1885 jıl Freydtin` ta`g`dirinde burılıs jılı boldı. Ol Parijge barıw ha`m usı da`wirdin` en` ullı nevrologlarınan bolg`an **Jan Sharkonın`** qolında 4-ay sha`kirt-izertlewshi bolıp islewge mu`mkinshilik beretug`ın izertlewshilik stipendiyasın alıwg`a miyassar boldı. Sharko ko`pshilik turli-tuman somatikalıq mashqalalarda bar bolatug`ın psixikalıq buzılıw- isteriyalarının` sebeplerin ha`m dawalaw usılların u`yrener edi. Isteriyadan azap shegetug`ın kesellerde barmaqlardın` islemey qalıwı, soqırlıq, geren`lik sıyaqlı simptomlar baqlanadı. Sharko gipnotikalıq halatta ta`sir ko`rsetiwinen paydalanıp, bul simptomlardı ku`sheytiriwshi yaki saplastırıwı mu`mkin edi. Birmunsha keshirek **Freyd** terapevtikalıq usıl sıpatında gipnozdı inkar etken bolsa ha`m, Sharkonın` lektsiyaları ha`m klinikalıq ta`jiriybeleri og`an ju`da` ta`sir ko`rsetti.

Parijdin` belgili Salpetrier keselxanasındag`ı qısqa mu`ddetli a`meliyattan son` Freyd nevrologdan psixopatologg`a aylandı.

80-jıllarda **Freyd** Venanın` en` tanıqlı vrachlarınan biri **Yozef Breyer** menen birgelikte basladı. Bul da`wirge kelip Breyer isterikalıq keselliklerdi kesellerdin` o`z kesellik simptomları haqqındag`ı **erkin gu`rrin`leri usılın** qollap dawalaw tarawında sezilerli tabısqa erisken edi. Breyer ha`m **Freyd** isteriyanın` psixologiyalıq sebepleri ha`m bul kesellik terapiyası usılları birgelikte en`gizildi. Bul jumıs «Isteriyanı en`giziw» (1895) kitaptı baspadan shıg`arıw menen tamamlandı. Olar bul kitapda isterikalıq simptomlardın` payda bolıwına ja`ra`ha`tlawshı qubılıslardı esletiwshi sana astına sıg`ıp shıg`arılg`an eslewler sebep boladı degen juwmaqqa keldi.

**Freyd** menen Breyer ortasındag`ı shaxsiy ha`m ka`siplik mu`na`sibetler shama menen «İsteriyanı en`giziw» kitabı baspadan shıg`arılıwı menen bir waqıtta keskin uzılıp qalg`an. Ka`sipleslerinin` birdenine ashaddiy dushmanına aylanıp qalıwının` sebepleri ha`zirge shekem ma`lim emes. **Freyddın`** biografi **Ernest Jonsnın` tastıyıqlawınsha**, Breyer isteriyanın` kelip shıg`ıwında seksuallıqnın`

roli ma`selesinde Freydtin` pikiri menen ulıwma kelise almag`an ha`m usı na`rse olar mu`na`sibetlerinin` uzılısına sebep bolg`an.

Basqa bir izertlewshi **Stilnın`** pikirinshe, Breyer jas **Freyd ushın** «ata figurasi» wazıypasın orınlag`an ha`m onın` saplastırıw **Freyddegi** «edip kompleksı» arqalı ha`m sha`rt bolg`an (Esletpe: «edip kompleksı» arqalı ballada atanın` ba`rqulla g`amxorlıg`ınan qutılıp, onın` o`mirin iyellew sanası meyli payda boladı). Sebebi anıq emes bolsa –da, bul eki shaxs sonnan son` hesh qashan dos sıpatında ushıraspag`an. **Freydtın`** isteriya ha`m basqa psixikalıq buzılıwlar tiykarında seksuallıq menen baylanıslı mashqalalar jatıwı haqqındag`ı pikirleri 1896 jılda onın` Vena meditsinalıq ja`miyeti ag`zalıg`ınan shıg`arılıwına sebep boldı. Bu waqıtta **Freyd**de keyinshelik onın` psixoanalitikalıq ta`liymatına tiykar bolatug`ın mag`lıwmat ju`da` az edi. Ustine- qa`lew bul waqıtta onda ma`lim ma`nide tu`skinlik keypiyatı ha`m payda bolg`an. **Jonsnın`** baqlawı boyınsha, bull waqıtta **Freydtın`** o`zin-o`zi bahalawı onın` to`mendegi pikirinde anıq sa`wlelenedi : «Menin` qa`bilet ha`m talantım ju`da` sheklengen – men na ta`biyg`ıy pa`nlerde, na matematikada ha`m na esapta ku`shli emespen. Biraq, oylanmanki, menin` sheklengen bilimlerinin` o`zi yaq ju`da` ha`m ku`shli rawajlang`an.

1896-1900 jıllar aralıg`ı **Freyd** ushın jalg`ızlıqta keshken o`nimli da`wir boldı. Bul da`wirde ol o`z tuslerin talıqlay baslaydı, 1896 jıl atasının` o`liminen son` ha`r ku`ni uyqıdan aldın yarım saat o`zin-o`zi talıqlaw menen shug`ıllanadı. Onın` belgili «Tuslardı ta`birlew» (1900) shıg`arması o`z shaxsiy tusların talıqlawg`a tiykarlang`an. Biraq en` aldı menen bul qımmatbaha shıg`arma psixiatriya ja`miyeti ta`repinen inka`r qılındı, **Freyd** o`z miyneti ushın barı joq 209 dollar avtorlıq gonorarin aldı ha`m iseniw qıyın bolsa ha`m ol keyingi 8 jıl dawamında o`z kitabınan atigi 600 nusqa sata aldı.

«Tuslardı ta`birlew» baspadan shıg`arılg`annan keyingi bes jıl ishinde **Freydtın`** abıroysı sonshelli ko`terildi, ol du`n`ya tanıg`an vrachlar qatarınan orın aldı. 1902 jılda «Psixologiyalıq sa`rshenbeler» ja`miyeti sho`lkemlestirilip, og`an **Freydtın`** en` sadıq intellektual izlesleri kirdi. 1908 jılda bul ja`miyet Vena

psixoanalitikalıq ja`miyeti dep atala basladı. Ja`miyet ag`zaları bolg`an Ernest Jons, Shandor Ferentsi, Karl Gustav Yung, Alfred Adler, Gans Saks, Otto Rank sıyaqlı Freydtin` ko`pshilik izlesleri keyinshelik ha`r biri o`z bag`darında tanıqlı psixoanalitikler bolıp jetisedi. Birmunsha keshirek Adler, Yung ha`m Rankler **Freyd** izlesleri qatarınan shıg`ıp, o`z-ara konkurentsiyadag`ı ilimiy mekteplerge tiykar saldı.

1901-1905 jıllar **Freydtın`** do`retiwshilik xızmetinde ayrıqsha o`nimli da`wir boldı. **Freyd** o`zinin` bir neshe shıg`armaların, tiykarınan «Ku`ndelik turmıs psixopatologiyasi» (1901), «Seksuallilik haqqında u`sh essee» (1905), «Yumor ha`m onın` sanasızlıqqa mu`na`sibeti» (1905) sıyaqlı kitapları baspadan shıg`arıldı. «U`shh esse…»de **Freyd** balalar jınısıy meyiller menen du`n`g`a kelediler ha`m ata-analar olar ushın da`slepki seksual ob`ektler bolıp xızmet qıladılar, degen pikirdi aldıng`a su`rdi. Usı pikirge qarag`anda da`rha`l sotsial narazılıq payda boldı. **Freydti** seksual perversiyalardan (latınsha *«perversio»* - *nadurıs ta`repke bag`darlang`an)* azap shegetug`ın, a`dep-ikramsız adam sıpatında ayıplay basladı. Ko`pshilik meditsina mekemelerinin` Freydtin` balalar seksuallıg`ı haqqındag`ı qaraslarına shıdap atırg`anlıg`ınan narazı bolg`an adamlar olarg`a qatnamay qoydı.

1909 jılda psixoanalitikalıq ha`reketti o`lim tochkadan qozg`atıp, izolyatsiya halatınan xalıq aralıq abıroy-itibar jolına alıp shıqqan waqıya ju`z berdi. **Stenli Xoll** **Freyd**ni Massachusets shtatının` Uorchester qalasındag`ı Klark Universitetine lektsiyalar oqıw ushın mira`t etildi. Tın`lawshılar lektsiyalardı jaqsı ku`tip aldı ha`m **Freyd** faxriy doktor da`rejesi menen sıylıqlandı. Onın` abıroysı ku`nnen-ku`nge artıp barardı, adamlar dun`yanın` turli mu`yeshlerinen og`an ma`sla`ha`t sorap mu`ra`ja`a`t qıla basladı. Biraq mashqalalar ha`m joq emes edi. 1919 jılda ol urıs sebepli o`zinin` barlıq jamg`armalarınan ajraldı.

1920 jılı onın` 26 jaslı qızı qaytıs boldı. Biraq onın` aldındag`ı en` u`lken sınaw frontta gu`reste qatnasıp atırg`an eki ulının` ta`g`diri ushın qa`witirli keypiyatı boldı. Birinshi ja`ha`n urısı ha`m antisemitizmnın` ja`ne ha`m ha`wij alıwı ta`sirinde **Freyd** 64 jasında insannın` universal instinkti haqqındag`ı

teoriyanı- o`limge meyillik teoriyasın jarattı. İnsannın` keleshegi haqqındag`ı pessimizmge qaramastan, **Freyd** o`z ideyaların jan`a shıg`armalarında bayan qılıwdı dawam etti. Baspadan shıg`arılg`an shıg`armalar ishinde «Psixoanalizge kirisiw boyınsha lektsiyalar» (1920), «La`zzetleniw printsipinin` ol ta`repinde» (1920), «Men ha`m ol»(1923), «Bir illyuziyanın` keleshegi» (1927), «Tsivilizatsiyalar ha`m onnan narazılar» (1930), «Psixoanalizge kirisiw boyınsha jan`a lektsiyalar» (1933) ha`m 1940 jılda Freydtin` o`liminen son` baspadan shıg`arılg`an «Psixoanaliz ocherki» shıg`armaları ayrıqsha orın tutadı. Freydtin` 1930 jılda a`debiyat tarawındag`ı Gyote sıylıg`ı ushın sıylıqlanıwı onın` ju`da` qa`biletli jazıwshı bolg`anlıg`ınan derek beredi.

Birinshi ja`ha`n urısı **Freydtın`** turmısı ha`m oylawlarına u`lken ta`sir ko`rsetedi. Klinikada emlenip atırg`an a`skerler menen islew onın` psixopatologiyalıq belgilerinin` ha`r qıylılıg`ı ha`m o`te na`zikligi haqqındag`ı oylawların ken`eytiredi. Sonın` menen birge 1930-jıllarda antisemitizmnın` ku`sheyiwi onın` insan sotsial ta`biyatı haqqındag`ı qaraslarına ku`shli ta`sir qıldı. 1932 jılda ol gitlershilerdin` ba`rqulla tahdid nishanına aylandı (Berlinde natsistler onın` kitapların bir neche ret otta jaqdı).

Bul waqıyalardı **Freyd** sonday aytqan edi : «Qanday rawajlanıw!» Orta a`sirlerde olar menin` o`zimdi jaqqan boladı, ha`zir kitaplarımdı jag`ıw menen qanaatlandı». Tek Vena abıroylı puqaralardın` diplamatiyalıq jollar menen aralasıwınan son` og`an 1938 jılda natsistler bastırıp kirgennen son` qalanı taslap shıg`ıp, Angliyag`a ketiwge ruxsat berildi. **Freyd** 1939 jıldın` 23 sentyabrinde Londonda qaytıs boldı.

Ol jaratqan ta`liymattın` o`zegin qurawshı **psixoanaliz** ataması **u`sh tu`rli** mazmundı an`latadı :

1) shaxs ha`m psixopatologiya teoriyası,

2) shaxs buzılıwları terapiyası usılı ha`m

3) individumnın` an`lanmag`an pikirleri ha`mde sezimlerin u`yreniw usılı.

Teoriyanın` terapiya ha`m shaxs o`lshewi menen bunday baylanıstı **Freydtın`** insan minezi haqqındag`ı oylawlarının` barlıq qırların qamtıp aladı.

Biraq bull qıyınshılıqlar astında bir neshe tiykarg`ı kontseptsiya ha`m printsipler bar, olar **Freydtın`** shaxsına psixoanalitikalıq jandasıw o`zegin quraydı.

### 1.3. Psixoanalizda insan obrazı

**Freyd** en` aldı menen insan obrazın meyillerin basqarıwshılıq ku`shi arqalı anıqlag`an. Bul meyiller **Freyd** teoriyasında tuste, tildegi qa`telerde, ha`zillerde, kinaya ga`plerde ko`rinedi dep aytıladı. Ol o`zinin` «Tusler ta`biri» (1900) «O`tkir so`zliq ha`m onın` sanasızlıqqa mu`na`sibeti», «Ku`ndelik turmıs psixologiyası» (1901) sıyaqlı shıg`armalarında bul pikirdi aldıng`a surdi. Ol bizin` ol yaki bull jag`daylarda qanday qılıp sana astı fantaziyaları ta`sirine tu`sip qalıwımızdı jarqın su`wretlep bergen. Ha`r birimiz o`z turmısımızda ko`pshilik bilmey so`ylep jiberiw, sanasız umtılıq, minez ha`m tilde qa`te qılıw, o`zimizdegi tu`skinlik ha`m qapagershilikti ha`zil ja`rdeminde saplastırıw halların eslewimiz mu`mkin.

Ma`limki, psixoanaliz insan shaxsı rawajlanıwın ma`lim «oral», «anal», «fallistik», «genital» basqıshlarına bolıp u`yrenedi ha`m bul basqıshlar tuwılg`annan bes jasqa shekem dawam etedi dep esaplaydı.

**Oral basqıshında** bala instinktivlik ra`wishte ana ko`kiregin emiw ushın onı qıdıradı, keyinshelik ko`kirekti u`lken barmaq, yaki sigaretag`a almastıradı. **Anal basqıshta** biz o`z keshirmelerimiz tarawına fiziologiyalıq protsesslerdi, mısalı, defekatsiya ha`m siydik shıg`arıwdı qosamız. Biraq, ha`r bir basqıshtag`ı shaxs rawajlanıwında ata-ana ha`m a`aptag`ılardın` mu`na`sibeti ta`sir qıladı. Mısalı, ata pa`kiza hayallar balanın` axlat shıg`arıw ha`m siydik shıg`arıwın ba`rqulla qadag`alaydı, basqa analar balanı bull protsessti o`zbetinshe qadag`alawg`a u`yretedi. Birinshi halatta bala anag`a qaram bolıp qaladı, ekinshisinde bala bul protsessti o`zi qadagalap, onnan` o`zine qolaylıq tabadı.

Psixoanalizda *seksuallilik* ha`m *agressivlik* insan turmısı ha`mde shaxslar aralıq mu`na`sibetlerdin` eki qozg`awshı motivi dep qaraladı. Ha`r bir adamda agressivlikke matsyıllıq bolıp, onın` maqseti basqalarg`a zıyan jetkeriw, haqarat qılıw, talaw esaplanadı. Sotsiallasıw protsessinde agressivlik konstruktivlik bag`darg`a burıladı. En` aldı menen tıyıqsız, tızg`ınsız, muwapıqlastırılmag`an,

sha`pqatsız, qopal minezdi predmetsiz agressiyadan anıq, adresli, insang`a o`z pikirin qorg`awg`a ha`m qa`wipten qorg`anıwg`a mu`mkinshilik beretug`ın agressiyag`a aylantırıw mu`mkin. Jaslıqta balalar o`z-ara mu`na`sibetlerin konkurentsiya ja`rdeminde, u`lken jasta aqılıy jarısıw ja`rdeminde sheshedi.

Predmetsiz agressiya shaxslar aralıq mu`na`sibetlerge zıyan jetkeredi. Bunday qa`wiptin` birinshisi **genotsid** bolsa, ekinshisi **suitsid** esaplanadı.

Psixoanalitikalıq shaxs teoriyasında *affekt (affect) – ja`ra`ha`t modeli* ayrıqsha orın tutadı. Bull modelge ko`re erte balalıqtag`ı ja`ra`ha`tli qubılıslar jas bala shaxsı ta`repinen hazm qılına almaslıg`ı arqalı tikkeloey psixikalıq buzılıwına, psixikalıq ja`ra`ha`tlanıwına alıp keledi. Jetkerilgen ja`ra`ha`t keyingi rawajlanıwda sezilerli buzılıwlarg`a sebep bolatug`ın iz qaldıradı.

Bunday ja`ra`ha`tlarg`a jınısıy xiralıq, shilqimlik, awır fizikalıq qarım-qatnas, balalarg`a olardın` kesen berip atırg`anlıg`ı, nervine tiyip atırg`anlıg`ı, olardın` onshelli quwanısh keltirmey atırg`anlıg`ın an`latıw quralında bildiriletug`ın ruhıy qattıq qollıq ha`m suwıqlıq kiredi. Bull jerde sırtqı ja`ra`ha`t birlemshi bolıp, psixikalıq ja`ra`ha`t, yag`nıy ishki ja`ra`ha`t ekilemshi esaplanadı. Basqasha aytqanda buzılıw birlemshi zıyan ekilemshi.

Bul zıyan g`amqorlıqtın` jetispesligi, ja`ra`ha`tlanıwshı qubılıslardın` ko`pligi bolıp, onın` na`tiyjesinde qa`witerli sezniw, geaktivlik g`a`zep payda boladı. Bul affektler ba`zı ashıq ko`rinmesligi ha`m mu`mkin. Sonda olar «rawajlanıwdın` tormozlanıwı» g`a, yaki «balalar nevrozları» sebep boladı. Bunday nevozlarg`a ««axlat, siydikti tuta almaslıq, qaysarlıq, apatiya» kiredi. Keyinrek ta`limde qıyınshılıqlar payda bolıwı mu`mkin.

Usı model boyınsha reallikga qarag`anda shaxs kishi tizimnin` u`sh qatlamı aktiv ha`reket qıladı : **«U», «Yuqori-Men»** ha`m **«Men»**. Basqasha aytqanda «U» - bul «Id» - sana astı, yaki sanasızlıq tarawı. İnstinktivlik meyiller toplamı; «Men» - bul «Ego» - shaxs, sana; «Joqarıi-Men», «Super-Ego» - sotsial moral`, qa`tte-ha`reket normaları, sotsial sana, minez. «Ol» sanasızlıq tarawınan ibarat, onın` hu`kimran printsipi «La`zzetleniw» printsipi bolıp, siyasatta bul anarxiya ko`rinisinde maydang`a shıg`adı.

«Joqarı-Men»da norma ha`m qa`diriyatlar lokalizatsiya qılıng`an. Bular ta`rbiya ha`m ata-ana etalon «matritsasi, ata-ana ta`repinen balag`a sin`diriletug`ın minez-qulıq formalarının`» na`tiyjesi.

«Men» — «Joqarı-Men» ha`m «Ol» ta`repinen ezip, sıg`ıp qoyılg`an, «Ol» ha`m «Joqarı-Men» ortasında sanasız baylanıslar bar.

1-su`wrettegi «Men» «Ol» ha`m «Joqarı-Men» ge qarag`anda quramalı halatta, ol ha`r eki ta`repinen eziledi. «Ol» o`z jınıslıq ha`m agressivlik impul`sların qandırıw ushın «Men» ge ta`sir o`tkeredi. Biraq olardı qandırıw o`smirge ata-ana ta`repinen u`lken tashiwish keltiredi. Ekinshi ta`repten «Joqarı-Men» sotsial moral o`lshemleri ha`m nızamların orınlawdı talap qıladı. Eger aytılg`anlarg`a aktual waqıyalıqtın` «Men» ta`sir qılıwsh faktorları ha`m qosılsa, bunday shaxs «Men»inin` a`whalı a`nshege shekem unamsız bolıp ko`rinedi.

Eger «Men» dı balalıq ha`m nevrotikalıq buzılıwlardan tıs, ag`la da`rejede rawajlang`an, jetik «Men» sıpatında oylansa, halat o`zgeredi. Bunday «Men» sana iyesi bolıp, «Ol»dan esetug`ın inctinktlar samalı ha`m «Joqarı-Men» de jaylasqan ta`qiq ha`m qag`ıydalar ortasında quralshı esaplanadı. Bunnan tıs «Men» qadag`alaw, qayta qadag`alaw ha`m qarar qabıl qılıw organı esaplanadı, ol «Ol» menen «Joqarı-Men» nen shıg`atug`ın talaplardı tergew qıladı. «Men» ol yaki bull qarardı tekseredi, na`tiyjede maqullaydı yaki rad qıladı. Qarar sanalı ra`wishte qabıl qılınadı. Usı menen birge instinktivlik qa`lew yaki «Joqarı-Men» nın` buyrıg`ın orınlaw keshirek mu`ddetke su`riliwi mu`mkin.

Kompromiss (kelisiw) qisman wa`z keshiw yaki sotsial ta`repinen mu`mkin formada qandırıq yaki «sublimatsiya-energiyanın` bir turının`, mısalı, seksual energiyanın` basqa turine, mısalı, sotsial aktivlikke bag`darlanıwı» ko`rinisinde bolıwı mu`mkin. Bunday qulay jag`dayda «Ol» dın` barlıq ku`shleri «Men» nın` ıqtıyarında boladı.

Sonın` ushın «Men» o`zin hu`kmi o`tetug`ın, bayıtılg`an dep sezedi, o`zi sa`wlelendirilgen erotikalıq, sezimlik ha`m ıqtıraslı meyiller onın` o`zine baylanısqan.

«Yuqori-Men» g`a qarag`anda ha`m «Men» avtonom halatta, sebebi «Joqarı-Men» ta`repinen aldıng`a surilip atırg`an taqıqlawshı jag`daylarg`a a`mel qılıw kerek, yaki kerek emesligin ol o`zi sanalı ra`wishte sheshedi. «Men» ol yaki bull bid'attın` maqsetine muwapıqlıg`ın kritikalıq qayta tekseredi, bid'at sanalı pikir – isenimge aylanadı.

«Ideal» ha`m «Men» menen muwapıq mu`na`sibetlerde boladı. «Men» «İdealdı» a`melge asırıwdın` real mu`mkinshiliklerin bahalaydı ha`m og`an jetisiw jolların tan`laydı. Basqasha aytqanda, ol qa`tiy ha`reket menen idealg`a jaqınlasıw kerekmi yaki idealdı real minezge ten`lestiriw kerekmi degen ma`seleni o`zbetinshe sheshedi.

Jetik shaxstın` «Men», «Ol», «Joqarı-Men» ha`m «Ideal»I bir birinen ajıratılg`an bolıp, balalar yaki nevrotiklarg`a uqsap awır qarama-qarsılıqlarg`a tartılmag`an. «Men» shaxs sterjenı sıpatında turmıs protsessinde «Ol» ha`m «Joqarı-Men» tarawların tolıq o`zlestirip alg`ang`a shekem ko`pshilik o`zgerislerge ushıraydı.

**Freyd** tili menen aytqanda, sonnan son` g`ana «Ol bolg`an jayda «Men» boladı. «Joqarı-Men», «Men»ga xojayınlıq qılmay qoyadı, onın` qatarınan jay aladı. Sonın` ushın ha`m psixoanalizde «Men» shaxs tu`sinigine ten`, **Freyd** «Men» ge shaxs ruhiy protsesslerinin` baylanıstırıwshı sho`lkemi dep qarag`an.

Usı orında **Platon** paydalang`an shabandaz ha`m aytqonshek mısalın keltiriw orınlı. Oylaw mu`mkinki, attı miniwde ta`jiriybesi joq bala atqa boysınadı, sheber shabandaz attın` ku`shinen o`z ma`pleri jolında paydalanadı. Bull mısal eki juwmaqtı alg`a su`redi : shabandaz attı basqara alsa, onın` ku`shi «Men», at ku`shinin` bir bo`legi esapqa ko`beyedi, kerisinshe shabandaz «Men» jen`iliske ushıraydı, o`zin a`zzi, ku`shsiz, at («Ol») dın` ıqtıyarına pu`tinley boysıng`an dep seziledi.

## II-BAP.
## 2.1. Psixoanalizde diagnostikalıq metodlar

Psixoanalizdegi en` za`ru`r diagnostikalıq metod **sa`wbet, dialog** esaplanadı. Analitik (psixolog) klient menen sa`wbetti baslaw, og`an turli soraqlar beredi ha`m bunda klient tilge alg`an biran-bir temanı ha`m n`a`zerden qashırmaydı. Sonday qılıp, analitikalıq menen klient ortasında verbal so`ylesiw payda boladı. Bunday sa`wbettin` maqseti analiz (diagnoz) qoyıw bolg`anlıg`ı ushın ha`m ol diagnostikalıq sa`wbet esaplanadı.

Analiz birinshi na`wbette izertlew esaplanadı ha`m sa`wbet psixoanalizde terapevtlik wazıypanı ha`m orınlawdı itibarg`a alıp, analiz qoyıwdı ha`r dayım sa`wbettin` anıq maqsetin anıqlawdan baslaw kerek. Shaxsiy sa`wbet menen analitikalıq ha`m klienttin` dialogi ortasında sezilerli parıq bar. Sonın` ushın analitikalıq ha`m klient qanday sa`wbet alıp barıtırg`anlıqların anq oylawları kerek, sa`wbettin` tek g`ana sırtqı forması, ba`lki onın` ishki mazmnı ha`m sog`an baylanıslı. Analiz qoyıw ushın standartlasqan, intervyudan, yag`nıy klientke soraw berip, «awa» yaki «joq» degen soraw alıwdan, yaki yarım standartlasqan, yag`nıy juwaplar «awa» yaki «joq» menen sheklenmegen intervyuden paydalanıw mu`mkin. Bunnan tıs psixoanalizde sa`wbettin` ta`biyg`ıy keshiwin sheklemeytug`ın standartlasmag`an ha`m erki intervyuden ha`m paydalanıladı. Biraq, baslama ha`r dayım analitikalıq ta`repinde boladı.

Sa`wbet dawamında klient tuwılg`an jılı ha`m jayı, ka`sibi, ata-anaları tirikmi yaki joq, shan`araq ag`zaları haqqındag`ı ob`ektivlik ha`m sub`ektivlik mag`lıwmatlardı ma`lim qıladı. Sub`ektivlik mag`lıwmatlarg`a shaxsiy patsientnın` shaxsiy keshirmeleri, onın` atası, anası, hayalı ha`m basqa qarındaslarına qarag`anda sezimligi kiredi. Bunnan tısqarı, sa`wbet dawamında analitiktin` klient minezin baqlaw alg`an mag`lıwmatları ha`m ju`da` za`ru`r.

## 2.2. Psixoanalitikalıq test metodları

*Sıpat metodları.* Sıpat metodları ishinde en ken` tarqalg`anı tekseriliwshitlergi sıya dag`ların talıqlaw usınıs qılınatug`ın **Rorshax metodı**

esaplanadı. Bul metodtı **Roy Shafer** psixoanaliz ushın qayta islegen. Za`ru`rlik tuwılg`anda klienttin` so`zleri bayannamag`a kiritiledi. Sonnan son` klienttin` so`zleri psixoanalitikalıq shaxs teoriyası ha`m kesellikler haqqındag`ı ta`liymat tiykarında talqın qılıng`an esletpe du`ziledi. Bunda : klient pu`tin su`wretin eskertedi yaki ayrıqsha detallarg`a itibar berdi; klient su`wrettegi ulıwma ku`tilmegen na`rselerdi an`ladı yaki joqma sıyaqlı protsessler esapqa alınadı. Sıyaq dag`ları klient ta`repinen vahshiy haywan, adam, qanday bir dostana yaki sha`pqatsız ko`rinisler menen baylanıslıg`ı mu`mkin. bull baylanıslardın` mazmunı sub`ektivlik (sıpat) ha`m ob`ektivlik (mug`ar) qarasınan u`yreniledi. Mug`darıy izertlew degende tekseriliwshinin` juwap ushın sarıplang`an waqtı, juwaplardın` ulıwma sanı, tolıq ha`m qısman juwaplar sanın anıqlaw tu`siniledi. Alıng`an mag`lıwmatlar ko`pshilik ortasında o`tkerilgen izertlew na`tiyjelerine salıstırıladı ha`m usı klient ushın ortasha qıymat anıqlanadı. Bunday metod **o`zine ta`n qorqıw, qorg`aw mexanizmleri ha`m qarama-qarsılıqların** anıqlawdın` psixoanalitikalıq mu`mkinshilikleri ken`eytiredi.

Mısalı, klassikalıq nevrozdan azap shegetug`ınlar a`dette sıg`ıp shıg`arıw, **affektti izolyatsiya qılıw ha`m reaktsiyanı qa`liplestiriwdin`** jaqsı isleytug`ın qorg`aw mexanizmlerin qa`liplestirediler.

Shizofrenikalıq simptomli klientler Rorshax testı dawamında waqıyalıqtı ol yaki bull da`rejeje buzıp qalıb qılıwı ko`rinedi. İshiwshilikler ha`m narkotikalıq qaram adamlar usınıs qılıng`an su`wretlerden «biran na`rseni jen`ip alıw yaki biran na`rseni alıw» menen baylanıslı obrazlardı tabıw, oral – soraw haqqında so`ylesiwge tiykar beriledi. Nartsistikalıq buzılıwlar yaki shegaradas halatlar bar bolg`an shaxslar, regressiv tendentsiya ha`m affektatsiyag`a meyilliklerin menen erte ob`ekt mu`na`sibetler buzılıwın ko`rsetedi.

Da`slepki analizdi tastıyıqlaytug`ın, rad qılatug`ın yaki toltıratug`ın proektivlik testlerge ja`ne TAT ha`m ORT testlerin qosıw mu`mkin. Bul testlerde klientlerge o`skenshilik ruhı ras sa`wlelengen su`wretler ko`rsetiledi. Su`wretlerdin` mazmunı ha`r qanday adamdag`ı sanasız instinktlerge jaqın boladı.

Bular ha`mmemizge tanıs bolg`an qayg`ı, baxtsız muhabbat, ja`njel, baxıt, o`im qorqıwı, matam halatları.

Sonı aytıw tiyis, usı joqarıda aytılg`an testlerdegi  o`sekshilik sa`wlesi arqalı olar o`z maqsetine erisedi, yag`nıy sanasızlıqtı en`giziw mu`mkinshiligi tuwıladı. «Intervyu» ayırım hallarda o`sekshilik talabın qandırıwı mu`mkin, intervyuer klientke qarag`anda o`zin dostana ha`m na`zakatlı tutadı.

Intervyu na`tiyjeleri sıyaqlı test na`tiyjeleri ha`m tekseriliwshinin` tes o`tkerip atırg`an adamnın` minezine qarag`anda reaktsiyasına baylanıslı. Tekseriliwshi tek g`ana usınıs qılıp atırg`an su`wretlerge, ba`lki izertlewshinin` shaxsına ha`m o`z sanasız meyillerin proektsiya qıladı, ko`shiredi. Anıg`ıraq aytqanda, bull jerde ga`p proektsiyanın` eki da`rejesi haqkında barmaqta. Sonın` ushın bunday izertlewler na`tiyjeleri ha`m tolıq ob`ektivli bola almaydı.

Usı menen baylanıslı halda eskertiwlerde teksirilwshi menen izertlewshi ortasındavg`ı mu`na`sibetler qanday ju`zege kelgenligin bayannamada ko`rsetiw za`ru`r. Test jag`dayının` o`zi sonday reaktsiya u`lgisin ju`zege keltiririwi mu`mkin, bunda izertlewshi klient ta`repinen ekzament alıwıı, sud`ya yaki oqıtıwshı sıpatında, bir so`z menen aytqanda, klienttin` juwaplarınan onın` o`zine ma`lim bolmg`an juwmaqlar shıg`arıwshı sıpatında qabıl qılınıwı mu`mkin. sonın` ushın ha`m usıg`an uqsas mu`na`sibetler ko`ringenligi menen za`ru`r. Usı orında aytıw kerek, test izertlewleri izertlewshi minezi manerasına mas ra`wishte turlishe na`tiyjeler beredi. Tekseriliwshinin` izertlewshi minezine qarag`anda reaktsiyası izertlewshinin` reaktsiyasına adekvat (mas) dır. Bunnan sonday juwmaq shıg`arıw mu`mkin, test izertlewleri sonday bir makanki, bunda za`ru`r roldı eki ta`repleme ko`shiriw orınlanadı. Sonın` ushın ha`m test dawamında keshetug`ın ko`shiriw ha`m qarsı ko`shiriw protsessleri eskertiwlerde tekseriliwshi menen test materialı ortasında keshetug`ın protsessler analizi ha`m ta`riypi qatarında ayrıqsha itibarg`a iye.

*Mug`dar (sanaq) metodları.* En` ko`p qolllanatuın ha`m a`meliyatta o`zin aqlag`an psixoanalitikalıq diagnostika metodları ishinde **Diter Bekman ha`m Xorst Ebergard Rixter**lar ta`repinen islep shıg`ılıp,

rawajlantırılg`an **Gisen testın** ayrıqsha ko`rsetiw mu`mkin. Usı test 40 dan artıq soraw (itema)dı o`z ishine alıp, izertlewshige tekseriliwshinin` shaxsı haqqında ulıwma oylaw oyatıwg`a mu`mkinshilik beredi. Test dawamında tekseriliwshinin` usı waqıttagı sub`ektiv sezimleri (tiykarınan, depressiya yaki o`zine isenim), onın` sotsial a`whalı, shaxsiy turmıs qırları ha`m shaxstı xarakterlewshi belgiler (dilkashlik, adamıylıq ha`m t.b.) anıqlanadı.

**Gisen** izertlew toparı ta`repinen xalıq turli qatlamları ortasında o`tkerilgen test izertlewlerinin` ko`rsetiwinshe, qoyılg`an sorawlarg`a mu`na`sibet erkekler-hayallar, kekseler-jaslar, meditsinaa ha`m filosofiya fakul`teti talabaları, psixosomatikalıq kesellikden azap shegiwshiler, narkotike qaram bolg`an shaxslar, kriminal jınısıy buzuqlıqqa meyil shaxslarda anıq ko`riniw parıqlarına iye, sonday jol menen alıng`an mag`lıwmatlar keleshekte klient azap shegip atırg`an ruhiy kesellik ta`biyg`atın anıq belgilew mu`mkinshiligin beredi. Test na`tiyjeleri interpretatsiyası tekseriliwshige mas bolg`an qa`witir, qorg`anıw mexanizmleri ha`m qarama-qarsılıqlar tiplerin anıqlaydı ha`m sonın` ushın ol ma`lim ma`nide psixoanalitikalıq sa`wbet talqınına uqsaydı.

Son`g`ı jıllarda to`mendegi u`sh basqa mug`dariy testler ha`m ken` tarqaldı.

**1. «Psixosomatikalıq protsesslerdi en`giziw protsesslerin izertlew ushın anketa»** 1981 jılda **Klaus Kox** ta`repinen usınıs qılıng`an. Onın` tiykarında psixosomatikalık kesellikler payda bolıwının` turli teoriyaları jatadı. Anketanın` on punktinen en` za`ru`rleri fantaztsiya sheklengenligi da`rejesin bahalawshı- 2 shaxslar aralıq mu`na`sibetlerinin` emotsoinal ta`repin tekseriwshi -3 –sanasız agressivlik ha`m onın` tormozlanıw da`rejesin anıqlawshı 5 -ha`m 6-punktlerdir.

**2. «Nartsistikalıq anketa»** 1985 jılı **Deyneke ha`m Myuller** ta`repinen usınıs qılıng`an. Onın` ja`rdeminde nartsistikalıq buzılıwdan azap shegetug`ın adamlar ruhiyatı o`zgeshelikleri tekseriledi. Birinshi punkt qa`witir, a`zzillik ha`m natavanlıq sıyaqlı o`zine ta`n sezimlerin ashıp beredi. Tekseriwshilerge usınıs qılınatug`ın itema, mısalı, sonday bolıwı mu`mkin : «Men tez-tez sonday ishki boslıqtı sezemen, ayırım jansızg`a uqsap qalaman. Bul sezimin ta`riylep bolmaydı». Shaxstın` a`zziligi ha`m natavanlıg`ı basqa itemada oz sa`wlesin

tabadı: «Men tez-tez o`zimdi salg`a sınıp ketetug`ın shiyshe ıdısta turg`anday sezemiz».

O`zin-o`zi ko`rsetiw halatı to`mendegi itemanı tasdıyıqlawda anıqlanadı. «Ba`zı o`zimnen sonday jerkenemen bunnan o`zim qorqıp ketemen». Klient ta`repinen belgili itemanın` tan`lanıwı ondag`ı ha`m nartsistikalıq, ha`m shegeradas keselliklerge ta`n bolg`an qadag`alaw qılınmaytug`ın agressivlik impulslar barlıg`ın («Ba`zen men sonday g`azapta bolaman, o`zimdi basqara almay qalıwdan qorqaman») yaki shaxsiy notavonlikti («Ba`zen o`zinin` hesh na`rsege arzımaslıg`ına shıday almaysan`», yaki sotsial jekkeleniwdi («Men bayramlardı jaqtıraman, ol jerde o`zimni biyganaday sezemen») yaki o`z-o`zin ullılawdı («Eger mende qanday talant jasırıp jatqanlıg`ın biliwgende, ha`mmenin` awzı ashılıp qalardı»), yaki bolmasa nartsistik g`a`zepleniwdi («Eger men xızmetimge jarasa sıylıqlanmasam, g`a`zepten janıp ketemen», «Adamlar menen so`ylesiwde ba`rqulla hu`shyor bolıw kerek») ko`rsetedi.

**3. «Agressivlik faktorın en`giziw anketası»».** Ol Frayburgda o`tkerilgen shaxstı u`yreniw boyınsha izertlewler na`tiyjeleri tiykarında jaratılgan. Bul anketa tekseriwshini u`yreniw waqtındag`ı bar agressivlik tipin anıqlaw mu`mkinshiligin beredi. Psixologiyalıq ha`m psixoanalitikalıq kesellikler teoriyasına muwapıq, psixosomatikalıq keselliktin` payda bolıwında buwılg`an agressiyalar za`ru`r rol oynaydı. Bunday keselliklerdi emlew protsessinde agressiyalar ashıq ko`riniske o`tedi ha`m psixosomatikalıq simptomlardın` jog`alıwına ja`rdem beredi. Agressivlik faktorın engiziw anketası bul o`zgerislerdi anıqlawg`a ja`rdem beredi.

Test o`tkeriwdin` mug`dar metodları psixoanalitikalıq diagnostikasında tabıslı qollanıwg`a qaramay, olar insan psixikasında keshetug`ın sanasız protsesslerdi anıqlay almaydı. Biraq testler ja`rdeminde psixoanalitikalıq terapiya protsessii qadag`alanadı. Usı menen birge emlewshi psixoanalitiktin` sub`ektivlik pikirine ob`ektivlik metodları ja`rdeminde anıqlıq kiritiledi.

## 2.3. Emlew ha`m ma`sla`ha`ttın` psixoanalitikalıq metodları

Son`g`ı o`ttiz jıl dawamında terapevtlik texnikanın` qatar jan`a turleri payda boldı, sonın` ushın ha`m **psixoanaliz** olardın` qatarında ruhiy ha`reketlerdi

emlewdin` ten` huqıqlı metodı esaplanadı. Ha`zir shet ellerdegi psixologiya fakul`tetleri talabaları psixoanaliz menen birge sistematikalıq desensibilizatsiya, o`zine isenim treningi, aversiv ha`m operant halat sıyaqlı tu`siniklerge ken` orın beriletug`ın minezlik terapiyanı ha`m u`yrenmekteler. Bunnan tısqarı, psixologiyalıq da`stu`rde so`ylesiw psixoterapiyasına u`lken a`hmiyet berilmekte.

Bunday halat a`melde ha`r qanday emlew metodın, usı tiykarınan, nopsixoanalitikalıq metodlardı ha`m tan`law mu`mkinlishigin beredi. Biraq ko`pshilik psixologlar en` aldı menen minezlik yaki so`ylesiw terapiyasın qollap ko`rip, na`tiyjeden qanıqmay psixoanalizge o`tiwge qarar qıladılar. Payda bolg`an jag`day psixoanaliz ha`m emlewdin` psixoanalitikalıq metodlarına jan`asha ko`z menen qarawdı taqaza etedi. Sonın` ushın en` aldı menen minezlik ha`m so`ylesiw terapiyasın ko`rip shıg`ıp, son` olardı psixoanaliz menen salıstıramız.

## Minezlik terapiya

Minezlik terapiyag`a eksperimental u`yreniw teoriyası tiykar bolıp xızmet qıladı. Waqıt o`tiwi menen minezlik terapiya tu`sinigi rawajlapnadı, ha`zirde ol ma`nisinen logikalıq, biraq tartısıwlı bolg`an a`meliy emlew metodların o`z ishine aladı.

Usı terapiyanın` za`ru`r sha`rtlerinen biri emlew na`tiyjelerin eksperimental quralında qayta o``ektivlik tekseriw bolıp, bul halat onı psixologiyanın` ta`biyg`ıy ilimiy bo`limine qosıw mu`mkinshiligin beredi, bul bo`imnin` ajıratıp turıwshı belgisi, ulıwma nızamlıqlardı konkret individge qarag`anda qollaw. Psixikalıq buzılıw modellestiriledi ha`m a`piwayı jol menen : qa`lew-reaktsiya sxemasına a`mel qılınıp, laboratoriya sha`riyatında saplastırıladı. Sonın` ushın ha`m minezlik terapiyanı u`yreniw an`sat. Mısalı, **fobiya** – minezlik terapiyasına ko`re, adamg`a qa`wip salıwshı jag`day na`tiyjesinde payda bolg`an patologiyalıq sha`rtli reaktsiyalar, bunda fantaziyalar, sıg`ıp shıg`arılg`an meyiller ha`m qorg`anıw mexanizmlerin inabatqa alınmaydı. Buzılıw sebebin balalıqtan emes, klienttin` ha`zirgi turmısınan qıdırıladı. Qorqıwg`a sebep bolıwı ob`ekttin` ıqtımal tutılg`an belgilik a`hmiyetine hesh qanday itibar berilmeydi, og`an qorqıw uyg`atıwshı

sıpatında qaraladı, qalg`an na`rseler nervlik qozg`alıwdın` a`qibeti dep esaplanadı. Bunda minezlik terapiyanın` maqseti klienttin` noadekvatlik minezin adekvat minezm enen almastırıw.

Psixoanaliz minezlik terapiyadan parıq qılıp, sanasız psizikalıq protsesslerge u`lken a`hmiyet beredi. Psixoanalizdin` izertlew predmeti insandır, sonın` ushın psixoanalizdin` ha`mme terapevtlik usılları quramalı ha`m na`zik bolg`an psixoanalitikalıq shaxs teoriyası tiykarında qurıladı. Keskin qarama-qarsılıqlarg`a qaramay, minezliq terapiya menen sixoanaliz ortasında ko`pshilik ulıwmalıq bar. Eki metod ha`m a`piwayı bolmag`an psixikalıq fenomenlerdi eskertiwge bag`darlang`an ha`m sotsial mu`na`sibetlerdi salamatlastırıwg`a u`lken itibar beredi, ha`r eki metod ha`m izertlew protsessinde payda bolatug`ın qa`telerdin` bolatug`ınlıg`ın ta`n aladı ha`mde za`ru`rlik sha`rt sıpatında mag`lıwmatlardı qayta tekseridi qabıl qıladı. Sonnı ha`m ta`n alıw kerekki, mag`lıwmatlardı qayta tekseriw psixoanalizge tek keyingi waqıtlardag`ana esapqa alına basladı.

Ko`pshilik psixoanalitikler, tiykarınan **Gans-Folker Vertmann** minezlik terapiya menen psixoanaliz ortasındag`ı keskin parıktı ko`rsetip beredi, biraq ha`zir ha`r eki metodtı sintez qılıw ta`reptarı ha`m ko`beyip barmaqta. **Rayner Krauze** ta`repinen usınıs qılıng`an bul eki metod tutlıg`ıwdı dawalawda jaqsı na`tiyje bermekte. **Eva Eggi** minezlik terapiya tiykarında islep shıg`ılg`an kognitivlik terapiya ko`lemindegi psixikalıq buzılıwlardı tek o`zine ta`n «oylaw qa`teleri» g`ana emes, usı menen birge irratsional pikirler ha`m klient tan`lamaytug`ın ishki qarama-qarsılıqlar na`tiyjesi dep biledi.

**E.Xand** xulqiy terapiya bilan psixoanaliz o'rtasida yanada ko'proq o'xshashlikni ta'qidlaydi. U alohida inson ehtiyojlari, funktsiyalari, motivatsiyalari va xulqiy buzilishlarni izchil tadqiq qilib, ahamiyati terapiya jarayonida namoyon bo'luvchi ongli va «ongli bo'lmagan» funktsiyalarni farqlaydi.

**Paul Vaxtel** o`zinin` «Psixoanaliz ha`m minezlik terapiya, olar integratsiyası qorg`awı ushın so`z» kitabında psixoanalitikalıq «konstruktsiya» nı ta`n alıwdan qorıqpaslıg`ı aytılg`an. Usı kitabında ol **fobiyaler** payda bolıwının` ku`shsiz minezlik terapiya teoriyası menen psixoanalizdi ko`pshilik

mu`na`sibetlerde sintezlep, minezlik terapiya qorqıwdı keltirip shıg`arıwshı ob`ekttin` sanasız a`hmiyeti tu`siniginin kiritedi.

Psixoanalitikler sonnı ha`m esapqa alıwlar tiyis, minezlik terapiya ha`m a`meliyatta o`zin aqlaydı ha`m sanasızlıq buzılıwdın` anıqlanıwshı tutlıg`ıwınan azap shegetug`ın kesellerdi hech ekilenmesten minezlik terapiya menen shug`ıllanatug`ın psixolog aldına jollaq kerek. Birgeliktin` bundatsy ko`rinisi payda beriwi mu`mkin.

## Sa`wbet psixoterapiyası

Sa`wbet psixoterapiyası ushın minezlik terapiya sıyaqlı eksperimental psixologiya tiykar bolıp xızmet qıladı. Sa`wbet psixoterapiyasında klinikalıq fenomenlerdi su`wretlew qollanıladı, emlew na`tiyjelerin qollawg`a u`lken a`hmiyet beriledi ha`m en` aldı menen terapiyanın` anıq maqseti belgilenedi. Sanasızlıq mazmunın ashıp beriw terapevtın` rejesink kirmeydi. **Karl R.Rodjers** ta`repinen islep shıg`ılg`an **u`sh sha`rt** sa`wbet terapiyasında u`lken a`hmiyetke iye.

- Haqıqıy insanıylıq itibar;
- Klienttı tu`siniw ha`m og`an samimiy mu`na`sibet;
- Klientı sezimin verballastırıw.

Sa`wbet psixoterapiyasında ha`m psixoanalizdegi sıyaqlı terapevtin` shaxsiy ta`jiriybesi za`ru`r faktor sıpatında ta`n alınadı. Sa`wbet psixoterapiyasına ko`re klient seziminin` jasırın` mazmunın tu`siniw ushın «Minez modifikatsiyasi»g`a erisiw kerek. Minezlik terapiyadan parıqlı ra`wishte sa`wbet psixoterapiyasında emlewdin` direktivlik metodları qollanılmaydı, bul jerde klient o`zine ne kerekligin ha`m terapevtlik protsess qaysı bag`darda kerekligin jaqsı tu`sinedi. Bul jerde terapevttin` wazıypası klientı usı «jolda» baqlap barıw ha`m onın` sezimin verballastırıw, yag`nıy bull sezimdi so`zde sa`wlelendiriwden ibarat boladı.

Usı mu`na`sibet menen psixoterapiyanın` klient monologına aralasıwı sezilerli a`hmiyetke iye. Klientke turli bag`darlawshı sorawlar beriw mu`mkin. Mısalı : «Usı waqıtta o`zindi qanday sezip atırsan`?» «Sizdi biran na`rse bezavta

qılıp atırma?». Terapevt kilenttin` juwaplarına isenedi. Belgili psixoanalitikalıq ko`shiriw kontseptsiyasında aytılg`an mu`na`sibettin` erte u`lgilerinin` qayta janlanıwı sa`wbet psixoterapiyasında shetlep o`tiledi yaki olardın` a`hmiyeti ulıwma inkar qılınadı. Minezdin` sanasız a`hmiyetin jaratıwg`a ha`m usı menen adamdag`ı ol yaki bul an`lanmag`an qarama-qarsılıqtın` barlıg`ın an`lawg`a urınıp ko`rilmeydi. Sa`wbet psixoterapiyasının` do`retiwshileri bull printsipke a`mel qılıp, psixoanalizdin` mu`qa`ddes tu`sinigi – qarsılıq ko`rsetiw, bul pikirdi qaytalay beriw, ko`shiriw ha`m qarsı ko`shiriwden qutıldı. Psixoanalitikalıq qarasınan sa`wbet psixoterapiyası «hesh qanday psixikalıq buzılıwlar teoriyasına, anıq bir kesellikke bag`darlang`an terapivtlik texnikag`a iye bolmag`an sa`wbettin` psixologiyalıq metodikası».

Sog`an qaramay, **Karl Rodjers** 1959 jılda sa`wbet psixoterapiyasının` shaxs teoriyası menen terapiyanın` o`z teoriyasın ha`m aldıng`a su`rdi. Ol tiykarınan klient ruhiyatında bar bolg`an real ha`m ideal obrazlar ortasındag`ı qarama-qarsılıqlardan terapevtlik maqsetlerinde paydalanıw haqqında jazadı. Sog`an qaramay, bunday tastıyıqlawdı tolıq psixoanalitikalıq usıl dep ataw mu`mkin bolsa ha`m, sa`wbet psixoterapiyası do`retiwshileri psixanaliz menen ha`r qanday uqsaslıqtı inka`r etiwge meyil.

# JUWMAQLAW

«Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`rinin`» maqset ha`m wazıypaları, ma`mleketimizdin` bul tarawda a`melge asırılıp atırg`an sıyasatın zamanago`y kadrlar tayarlaw diziminin` sho`lkemlestiriwine bag`darlang`an. Respublikamızdag`ı u`zliksiz ta`lim dizimi strategiyası, rawajlanıwı, xalqımızdın` bay ruwxıy miyrası ha`m ulıwma insanıylıq qa`diriyatları, ma`deniyat, ekonomika, pa`n`-texnika ha`m texnologiyalarda erisilgen tabısları tiykarında barlıq ma`mleket dizimleri ha`m ja`miyet sho`lkemleri aldına joqarı pedagogikalıq kadrlar tayarlaw dizimi ha`m ta`lim reformaların turmısqa en`giziwdi janlantırıwshı tiykarg`ı wazıypalardı belgilep bergen.

Tiykarınan usı ma`selelerdi ken` ko`lemde en`giziw zaman talaplarına juwap bere alatug`ın, konkurentsiyag`a shıdamlı kadrlardı tayarlawdan ibaratdir. A`lbette bunın` ushın insanlar psixologiyasın biliw, olarda keshetug`ın psixologiyalıq o`zgerislerdi an`lag`an halda jandasıwın talap qılmaqta. Bul protsesste o`z na`wbetinde psixologiyalıq bilimlerge bolg`an ıqtıyajdın` artıp barıwın ko`riwimiz mu`mkin. Sebebi insanlar haqqındag`ı bilimlerdi qolg`a kiritiw ushın en` aldı menen psixologiyalıq bilimlerden xabardan bolıwı tiyis. Usı tiykarınan jazılg`an usı kurs jumısı shaxs psixologiyasına ta`n tiyisli bilim, eplilik ha`m ko`nikpelerdi tu`sinik ha`m oylawlardı payda qılıwg`a ja`rdem beredi.

İnsan psixologiyasın biliw tiykarında shaxstı qa`liplestiriwge, onın` sotsial rawajlanıwın ta`miyinlewge keskin itibar qaratıw ma`mleketimiz rawajlanıwında za`ru`r a`hmiyetke iye boladı.

Freyd XIX a`sirdin` 80jıllarınan a`meliy meditsina tarawında islegen. Fiziolog ha`m vrach nevropotolog sıpatında jumıs baslap ko`p keselliklerdin` deregi kesel ta`repinen an`lap jetilmegen komplekslerdir degen juwmaqqa kelgen. Birinshi ilimiy jumıstı Y.Breyer menen birge 1895-jılda baspadan shıg`arg`an. Bul jumıs isteriyanın` kelip shıg`ıwı ha`m onı gipnoz menen dawalaw mashqalasına bag`ıshlang`an. Keyinshelik Z.Freyd gipnozdı qollawdan wa`z keshken ha`m psixoanaliz ja`rdeminde dawalaw usılın jaratqan, bunda assotsiatsiya tuslar keseldin` nadurıs xızmetlerin tu`sindiriwge tiykarlang`an. Alıng`an material

tiykarında shaxs du`zilisi haqqındag`ı kontseptsiyasın jaratqan ha`m 3- da`rejeni ajratqan: sana, sana astı, sanasızlıq. Freyd ta`liymatı XX a`sir baslarınan ken` tarqalg`an. Onın` ko`pshilik sha`kirt ha`m izlesleri keyinshelik jan`a kontseptsiya ha`m teoriyalar islep shıg`ılg`an. Biraq Freyd ta`liymatının` ayırım orınları izlesleri ta`repinen ha`m rad etilgen.

Onın` en` belgili shıg`armaları to`mendegiler: «Men ha`m Ol», «Tuslardın` ta`biri», «Psixoanalizge kirisiw boyınsha lektsiyalar», «La`zzet printsipi artında», «Bir illyuziyanın` keleshegi», «Ma`deniyattan narazilik», «Mussa ha`m monoteizm».

Ol o`zine qadar insan haqqında bar bolg`an oylawların ag`dar-to`nter qılıp tasladı. R.Dekart, J.Lokk ha`m I.Kant pikirine ko`re, ta`biyat ha`r bir individti qabıl etiw erki menen ta`miyinlengen. Erkin tan`lawdı a`melge asırıw qızıg`ıwıi individtın` en` tup ma`nisin bildiredi ha`m sanalı «men» menen baylanısqan boladı. İnsan psixikası (jan) haqqındag`ı pikirdi Z.Freyd illyuziya sıpatında talqın qıladı. Sanalı «men» qu`diretli sanasız mental turmısının` tek shoqqısı.

Sonday qılıp, Z.Freyd sub'yekt haqqındag`ı bizin` oylawımızda revolyutsiyanı a`melge asırdı. Sanalı mental turmıs insannın` ulıwma mental turmısında tek kishkine bo`lek esaplanadı. Bizin` sanamızdag`ı protsessler sanasız faktorlar menen qa`tiy determinatsiya qılınadı. Bul halattı illyustratsiya qılıw ushın ko`pshilik aysberg menen salıstırıladı. Barlıq sanalı protsesslerdi aysbergdın` suw ustindegi bo`legine uqsatıladı. Tiykarınan mine usı ko`rinmes massa ha`m awırlıq orayın, ha`m aysbergdin` ha`reket bag`darın anıqlaydı. Sog`an uqsas sanasızlıq ha`m bizin` individuallıg`ımız tiykarı esaplanadı.

Usı ha`m basqa ma`seleler izbe-izlik ra`wishte kurs jumısımızda ken`g ma`niste jaratılg`an. Oylaymizki, izertlew jumısımızda keltirilgen mag`lıwmatlar ha`m juwmaqlar **Zigmund Freyd ta`liymatı psixoanaliz** mashqalasına qızıqqan barlıq qa`niygelerge ja`rdem beredi.

## PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI:


1. O’zbekiston Respublikasining «Ta’lim hakida»gi Qonuni, T., 1997 y.
2. «Kadrlar tayyorlashning milliy dasturi», T., 1997 y.
3. I.A.Karimov «Yuksak ma’naviyat - engilmas kuch», T., 2008 y.
4. I.A.Karimov «O’zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida», T., 2011
5. M.Otajonov «Psixoanaliz asoslari», T., «O’zbekiston», 2004 y.
6. Zigmund Freyd «Ya» i «Ono», Tbilisi, 1991 g.
7. Zigmund Freyd «Vvedenie v psixoanaliz. Lektsii», M., 1999 g.
8. Erix Fromm «Psixoanaliz i religiya», M., 1990 g.
9. M.G.Yaroshevskiy «Istoriya psixologii», M., 2002 y.
10. A.N.Jdan «Istoriya psixologii», M., MGU, 1990 g.
11. F.I.Haydarov, N.S.Jo‘raev «Psixologiya tarixi», TDPU, 2010 yil
12. Z.Nishonova «Psixologiya tarixi», Maruz.ma’tni, T., 2002 yil
13. M.G.Davletshin, S.M.Tuychieva «Umumiy psixologiya», T., 2002 y.
14. V.M.Karimova «Psixologiya», T., 2002 y.
15. E.G’oziev va boshqalar «Psixologiya metodologiyasi», T., 2002 y.
16. E.G’oziev «Psixologiya», T., 1994 y.
17. E.G’oziev «Umumiy psixologiya», T., 2002 y.
18. A.V.Petrovskiy «Umumiy psixologiya», T.,1982 y.
19. A.A.Rean i dr. «Psixologiya i pedagogika», S-Peterburg, 2001 y.
20. P.I. Ivanov, A.Zufarova «Umumiy psixologiya», T., 2008 y.
21. R.S.Nemov «Psixologiya», M., «Vlados», 1998 y.
22. J.Godffrua «CHto takoe psixologiya?», V 2-x tomax. M.: Mir. 1992.
23. Psixologiya lichnosti v trudax zarubejno’x psixologov; S-Pb, Xarkov, 2000.
24. L.Xell, D.Zigler «Teorii lichnosti», S-Pb.: Piter-Press, 2001.
25. M.Mamatov «Milliy psixologik qiyofa va uning xususiyatlari», T., 1980 y.
26. Xudoyberdiev «Islom, shaxs va milliy psixologiya», T.: Sharq, 1994.